

**KOHESI GRAMATIKAL REFERENSIAL WONTEN ING WACANA RUBRIK  
WAWASAN DJRONING NAGARA KALAWARTI PAJ JEBAR SEMANGAT  
WEDALAN 7 JANUARI 1961- 25 MARET 1961**

**RINGKESAN SKRIPSI**

**Dipunaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Kangge Jangkepi Satunggaling Sarat  
Minangka Sarana Nggayuh Gelar Sarjana Pendidikan**



**Dening:**

**Yusuf Kholis Hendian  
NIM 13205241010**

**Yogyakarta, 19 Januari 2018**

**Dosen Pembimbing,**

**Dr. Mulyana, M.Hum.**

**NIP 19661003 199203 1 002**

**PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## **Sarining Panaliten**

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi ancas kangge ngandharaken kohesi gramatikal referensial wonten ing wacana rubrik Wawasan Djroning Negara kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 7 Januari 1961 – 25 Maret 1961. Panaliten menika ngandharaken jinis saha *fungsi referensi* wonten ing data menika. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Data wonten panaliten menika awujud ukara ingkang ngewrat panandha *referensi*. Panaliten menika dipuntliti kanthi *analisis wacana*. Kangge manggihaken *validitas data* ngginakaken *validitas semantik* saha *triangulasi teori*. Sanesipun, kangge *reliabilitas data* ngginakaken *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas interrater*. Asiling panaliten menika nedahaken bilih (1) jinis *referensi* ingkang dipunpanggihaken inggih menika referensi persona, referensi demonstratif, saha referensi komparatif. Dene, fungsi *referensi* wonten ing salebeting rubrik Wawasan Djroning Nagara ginanipun kangge nedaheken tiyang, nedahaken satunggaling papan, nedahaken satunggaling wekdal, saha nandhingaken setunggaling bab. Analisis menika kanthi nggayutaken *teks* kaliyan *konteks*.

Pamijining Tembung: Kohesi Gramatikal, Referensi, Panjebar Semangat.

### ***Abstract***

*The study has purpose to explaining referential grammatical cohesion in the rubric Wawasan Djroning Nagara Panjebar Semangat magazine, posted on January 7, 1961, until March 25, 1961. Then, this research talks about the type and function of guide on data. This study includes the sort descriptive research. This research data is by means of paragraphs that contain components of guide. This research is performed by discourse examination. Techniques of collecting data by means of reading techniques and writing techniques. For data validity using semantic validity and triangulation theory, then for data reliability using intrarater reliability and interrater reliability. The results of this study describe (1) the types of recommendations found (reference point persona, demonstrative reference point, and comparative reference point). Then, the guide function of Wawasan Djroning Nagara rubric shows persona, place, time, and comparing a thing. All data are examined based on the context of the text and wording situation.*

*Keywords: Grammatical Cohesion, Reference, Panjebar Semangat*

## I. PURWAKA

Manungsa boten saged uwal saking bab *komunikasi*. Miturut Lyons lumantar Brown (1983: 2) ngandharaken bilih *komunikasi* menika ancasipun mahyakaken “pamanggih, raos, saha sikap” dene ugi mahyakaken dasaring *ketertarikan informasi faktual* utawi *proposisional* ingkang dipunkajengaken. Prastawa *komunikasi* menika wiyar sanget menawi dipunanalisis. Salah setunggaling kajian basa ingkang gegayutan kaliyan *komunikasi* inggih menika *analisis wacana*.

Wacana ingkang sae tamtu kedah saged dipunnalar dening *komunikan* utawi panampi. Wacana minangka *satuan gramatikal* paling inggil kasusun ukara-ukara ingkang *kohesif* saha *koheren*. *Kohesi* (*padu* saha *padat*), tegesipun ukara-ukara ingkang rinonce kasusun sambung-sinambung utawi katata. Halliday saha Hasan (1976: 4) njlentrehaken bilih *kohesi* menika salah setunggal perangan *semantik*; menika ngrujuk gayutan antawisipun *makna* wonten *teks* saha sedaya peranganipun. Pramila, *kajian kohesi* wonten *analisis wacana* menika *perlu*, awit boten namung analisis teges utawi *arti* kemawon, ananging ugi mangertosi *maksud* saha *makna* tuturan *komunikan* saking setunggaling wacana (*diskursus*).

Salah satunggaling *aspek lingual* kangge nuwuhaken wacana ingkang *kohesif* (*padu*) inggih menika *referensi*. Miturut Ramlan (1993: 12) ngandharaken bilih *referensi* utawi *pengacuan* inggih menika panganggenipun tembung utawi *frasa* kangge nedahaken utawi ngrujuk tembung, frasa, utawi *satuan gramatikal* sanes. Satuan gramatikal (*panandha*) menika ngrujuk *antesedan* ingkang dunungipun wonten saderengipun acuan, sasampunipun acuan, menapa dene sawawining *teks* ingkang adhedhasar *konteks* wacana. Satuan lingual *referensi* utawi *panandha referensi* wonten wacana menika ancasipun kangge nuwuhaken *topik* utawi gagasan ingkang sami.

Data ingkang dipunkaji wonten panaliten analisis wacana menika, wonten Rubrik Wawasan Djroning Nagara kalawarti Panjekar Semangat wedalan tanggal

7 Januari 1961 dumugi 25 Maret 1961. Rubrik menika ngamot kahanan *sosial-politik-ekonomi* ingkang gayut kaliyan semangat *revolusi*. Rubrik menika ngamot pawarta utama kalawarti Panjebar Semangat 1961, awit dipunbabar wonten ing kaca sepisan. Bab ingkang dipunrembang wonten pawarta menika tamtu bab kangge narik kawigatosan pamaos kangge mangertosi sedayanipun kalawarti. Badara (2012: 8) serat kabar utawi medhia kasusun saking realitas prastawa dados setunggaling cariyos utawi wacana ingkang mangku teges. Awit menika, rubrik Wawasan Djroning Negara menika dados wacana utama wekdal 1961.

Dhasaripun panaliti mendhet data panyeratan taun 1961, awit wacana menika *unik* saha *menarik* model seratanipun. Bab menika lantaran seratan menika sampun awis katingal wonten medhia pers samenika, ingkang padatanipun ngginakaken *konsep piramida terbalik* (5 W + 1 H wonten ngajeng). Beda kaliyan *model* panyeratan wekdal taun 1961 ingkang seratanipun langkung bebas, boten kaiket paugeran-paugeran ingkang kaku. Seratan wekdal 1961 menika wonten *ciri khasipun* ingkang gayut kaliyan *konteks* wekdal semanten (1961). Awit saking menika, panaliti ugi badhe njlentrehaken bab *ciri khas* panyeratan, mliginipun panganggenipun panandha referensial.

## **II. GEGARAN TEORI**

### **A. Wacana**

Miturut L. Mardiwarsito wonten ing Kamus Bahasa Jawa Kuno-Indonesia (1988: 651), tembung “wacana” asalipun saking basa Sansekerta, ingkang tegesipun micara. Dene miturut Mulyana (2005: 3) njletrehaken bilih tembung wacana menika saking tembung *wac* ing *morfologi* basa *Sanskerta*, kalebet tembung kriya golongan III *parasmaepada* (*m*) ingkang sipatipun *aktif*, inggih menika nindakaken *ujaran* utawi micara. *Sufiks* (pungkasan) *ana*, gadhah teges *membendakan* (*nominalisasi*). Saking pamanggih para ahli basa babagan wacana kasebat, saged dipunpendhet dudutan bilih wacana menika peranganing basa

ingkang paling inggil wonten ing tataran *satuan* basa. Salebeting wacana ugi kaimpun *fonem, morfem, frasa, klausa* ugi tembung. Wacana menika gadah unsur basa ingkang asipat *pragmatis*, dipunkajengaken supados saged dipunmangertosi tegesipun.

## **B. Keutuhan Wacana**

Wacana menika tataranipun langkung inggil katimbang ukara (*kalimat*) wonten ing *skala* basa. Wacana ugi ngamot gagasan ingkang *logis (kohereren saha kohesif)* saking struktur basanipun. Wacana gadah titikan inggih menika sinambungipun *informasi (kesatuan makna)*.

Wacana saged dipunmangertosi saking sambung-sinambungipun *informasi* ingkang asring dipunsebat *kesatuan makna*. Wacana saged dipuntegesi “kemampuan untuk maju menurut urutan yang teratur dan semestinya,” dan komunikasi buah pikiran, baik lisan maupun tulisan, yang resmi dan teratur.” (Marahimin, 1994: 26). Wacana dados piranti komunikasi ingkang gembleng, sae gembleng ingkang arupi wujud (*kohesi*), menapa arupi makna (*koherensi*).

## **C. Kajian Wacana**

Kartomihardjo (lumantar Sumarlam, 2010: 23) ngandharaken bilih *analisis wacana* menika *cabang* ilmu basa kangge nganalisis *unit* basa sainggilipun ukara. *Unit* menika awujud *paragraf teks* antawisipun undangan, cerkak. *Data* ingkang wonten ing *kajian wacana* menika awujud *teks* lisan saha *teks* sinerat. Teks menika nedahaken satunggaling *transkripsi* saking reroncening ukara utawi tuturan. Dene, miturut Baryadi (2001: 4) ngandharaken bilih Objek kajian analisis wacana ngrembag ukara, gugusing ukara, alinea utawi paragraf, perangan wacana (pasal, subbab, bab, utawi episode) saha wacana wetah. Pramila kajian wacana inggih menika kajian ingkang ngrembag babagan basa ingkang awujud *teks* utawi ujaran ingkang dipunginakaken ing *konteks sosial*.

## **C. Kohesi Gramatikal**

Miturut pamanggihipun Kushartanti (2005: 96), *kohesi gramatikal* inggih menika gayutipun ukara-ukara ingkang ngewrat sarana *gramatikal*; tegesipun piranti menika dipunwujudaken ing sambet rapetipun tata basa. Saking andharan menika, saged dipunpendhet dudutan bilih *kohesi gramatikal* inggih menika gayuting antawisipun perangan utawi ukara-ukara salebeting wacana ingkang ngewrat sarana *gramatikal* tartamtu.

#### **D. Referensi**

*Referensi* menika saged ugi dipunwastani *pengacuan*. Miturut Ramlan (1993: 12) ngandharaken bilih *referensi* utawi pengacuan inggih menika panganggenipun tembung utawi frasa kangge nedahaken utawi ngrujuk tembung, frase, utawi satuan gramatikal sanes. *Satuan lingual* ingkang dipuntedahaken menika saged mapan wonten ing sakderengipun utawi sasampunipun *referensi*. Awit saking menika, *referensi* minangka setunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang ancasipun ngraketaken utawi nggemblengaken setunggaling wacana, saking gegayutanipun *satuan lingual* kaliyan *satuan lingual* sanes wonten setunggaling wacana, supados wacana menika *kohesif*.

Sumarlam (2003: 24) ngandharaken miturut *satuan lingual* tartamtu ingkang acuanipun wonten ing *satuan lingual* sanesipun, *referensi* saged dipunperang dados tiga jinis, inggih menika *referensi persona*, *referensi demonstratif* saha *referensi komparatif*. Kategori jinis referensi menika adhedasar satuan lingualipun. Awit saking menika, *kategorisasi* jinis menika dados dhasar wonten panaliten menika. Dene, miturut Halliday (lumantar Mulyana, 2005: 16) ngandharaken bilih *referensi* menika menawi dipuntingali saking acuanipun, saged dipunperang dados kalih, inggih menika: (1) *referensi exophora* (*eksopora*, *situasional*), saha (2) *referensi endophora* (*endopora*, *tekstual*). *Referensi endopora* saged dipunperang dados kalih malih, inggih menika *referensi anaphora* (*anafora*) saha *referensi cataphora* (*katafora*). Andharan menika

gegayutan kaliyan panganggenipun acuan wonten teks. Pramila, *kategorisasi* menika gayut kaliyan *cara kerja fungsi* panandha referensi.

#### **E. Wacana Rubrik Wawasan Djroning Nagara Kalawarti Panjebar Semangat**

Kalawarti Panjebar Semangat menika miyos tanggal 2 September 1933 dening Dr. Soetomo. Ancasipun Dr. Soetomo damel kalawarti ingkang kantoripun mapan ing Surabaya menika, kangge mbiyawarakaken semangat juang kamardhikan Indonesia kangge para pribumi saha *aktivis pergerakan* ingkang ngginakaken basa Jawi. Miturut Ferry, (2008: 10) ngandharaken bilih Dr. Sutomo mangertos pamaos wonten ing plosok Jawi taksih kathah ingkang dereng saged basa Indonesia, pramila piyambakipun damel serat kabar Suara Umum edhisi basa Jawi. Danguning-dagu, serat kabar basa Jawi menika dados serat kabar ingkang mandhiri saha gantos nama, dados Panjebar Semangat. Basa Jawi dipunginakaken kangge pamaos golongan rakyat. Salajengipun, nalika tanggal 2 September 1933 Suara Umum edhisi basa Jawi misah saha gantos nama, dados Panjebar Semangat ingkang dipunpandhegani dening Imam Supardi. Kalawarti menika kababar awujud buku, wiwit 7 September 1935, liripun kalawarti Panjebar Semangat No.36, Taun III, 7 September 1935.

Rubrik Wawasan Djroning Nagara wonten ing kalawarti Panjebar Semangat 1961 menika salah setunggaling rubrik ingkang ngamot babagan kahanan *sosial-politik-ekonomi* ingkang gayut kaliyan semangat revolusi. Rubrik menika penting sanget, awit dipunbabar wonten ing kaca sepisan. Perangan menika tamtu dados sarana narik kawigatosan pamaos kangge mangertosi sedaya wosipun kalawarti. Awit mekaten, *rubrik* Wawasan Djroning Negara menika dados perangan utama wonten ing kalawarti Panjebar Semangat taun 1961.

#### **F. Panaliten ingkang Jumbuh**

Panaliten sanes ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika, inggih menika panalitenipun Tanti Tien Nur Khasanah ingkang irah-irahanipun *Kohesi Gramatikal Referensial dalam Wacana Berita Situs <http://www.kompas.com> edisi*

*Desember 2015-Januari 2016*. Ananging panaliten menika boten naliti ciri khas data. Panaliten menika ugi kajian kebahasaan Indonesia. Sanesipun panalitenipun Anis Afifah (2010) ingkang irah-irahanpun *Referensi Eksofora* Wonten Salebeting Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Ananging panaliten menika cakupan kajianipun langkung alit kaliyan panaliten menika, inggih ngrembag kohesi gramatikal referensial.

### **G. Nalaring Pikir**

Wacana lisan awujud tuturan wondene wacana ingkang sinerat menika awujud seratan. Kadangkala nalika nindakaken *komunikasi* menika kathah kapanggihaken perangan ingkang boten dipunsebataken kanthi langsung, ananging perangan menika taksih wonten gegayutan kaliyan ukara saderengipun utawi taksih ngewrat suraosing ingkang sami. Bab menika ingkang dipunwastani *referensi* utawi *pengacuan*. Perkawis menika ugi kapanggihaken wonten ing wacana ingkang sinerat, mliginipun wonten panaliten menika wacana Rubrik Wawasan Djroning Nagara wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 1 Januari 1961 – 29 April 1961.

## **III. CARA PANALITEN**

### **A. Jinising Panalitèn**

Panaliten menika ngginakaken panaliten *kualitatif deskriptif*. Miturut Djojuroto (2004: 17) data kualitatif inggih menika data ingkang dipunpendhet awujud rekaman, *pengamatan*, wawanrembag. Panaliten kualitatif menika adhedasar *data-data*, *analisis*, saha *interpretasi*. Pramila *laporan* panaliten awujud kutipan-kutipan data kangge nggampilaken *interpretasi*. Panaliten *kualitatif* ingkang dipuntindakaken menika kanthi *pendekatan analisis wacana*. Analisis wacana menika dipunginakaken kangge njlentrehaken *kohesi gramatikal referensial* wonten salebeting wacana *rubrik* Wawasan Djroning Nagara Kalawarti Panjebar Semangat edhisi 1-12 taun 1961.

## **B. Data saha Sumber Data Panalitèn**

*Data* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika awujud paragraf ingkang ngewrat *referensi*, wonten panandha satuan *lingual* kadosta tembung, *frasa* saha *klausa* ingkang ngandharaken *referensi* wonten ing *rubrik* Wawasan Djroning Nagara kalawarti *Panjebur Semangat* wedalan 1 Januari 1961 – 25 Maret 1961.

## **C. Caranipun Ngêmpalakên Data**

Anggenipun ngempalaken *data* wonten panaliten menika kanthi *teknik* maos (simak) saha *teknik* nyerat. Cara utawi langkah-langkah ngempalaken *data* inggih menika :

1. Nemtokaken sumbering *data* ingkang badhe dipuntliti.
2. Nyemak kanthi cara maos sumbering *data* saha nemtokaken ukara ingkang ngandharaken bab ingkang dipuntliti adhedhasar *kriteria* utawi *indikator* ingkang ngewrat babagan *referensi*.
3. *Data* ingkang dipunpangguhaken salajengipun dipunserat.

## **D. Piranti Panalitèn**

Panaliti piyambak ingkang dados *subjek* utama nalika ngempalaken *data* saha analisis *data*. Kangge nggampilaken analisa *data*, panaliti ngginakaken kertu *data*. Kertu *data* wonten panaliten menika dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang badhe dipuntliti utawi *dipunanalisis*.

## **E. Teknik Analisis Data**

Panaliten menika ngginakaken cara *deskriptif*. Cara utawi langkah-langkah anggenipun *nganalisis data* wonten panaliten saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika, (1) *Kategorisasi data*; (2) *Reduksi data*; (3) *Tabulasi*; (4) *Data* ingkang sampun *dipunanalisis* lajeng dipunandharaken.

#### F. Caranipun Ngêsahakên Data

Cara ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. *Uji Validitas* ingkang dipunginakaken inggih punika *validitas semantik* saha *triangulasi teori*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *reliabilitas stabilitas* saha *interrater*.

### IV. ASILING PANALITÈN SÁHÁ PANGRÊMBAGIPUN

#### A. Asiling Panaliten

Saking panaliten menika saged dipunmangertosi sedaya jinis penandha *referensi* adhedhasar satuan lingual dipunpanggihi panaliti. Panaliti ugi manggihi jinisipun *referensi* adhedhasar panganggenipun *acuan* antawisipun *referensi endofora* kaliyan *eksofora*. Ananging wonten perangan-perangan *jinis referensi* ingkang boten dipunpanggihi ugi. Kados panganggenipun panandha *prononima persona II* (tembung sesulih madyama purusa) ingkang boten dipunpanggihi. Bab menika gayut kaliyan seratan menika ingkang kalebet artikel jurnalistik ingkang boten ngamot seratan *model dialog*. Awit menika, panandha ingkang *ngrujuk* dhateng tiyang ingkang dipunajak guneman, kados panandha: *kowe*, *panjenengan*, *-mu*, minangka *prononima persona II* boten kapanggihaken.

Panaliti manggihi jinis *referensi endofora* ingkang *anaforis* langkung kathah dipunpanggihi menawi katandhinganken *referensi kataforis*. Bab menika lantaran *referensi katafora* awis dipunpanggihi wonten basa ingkang gadah *pola D-M* (*diterangkan-menerangkan*) kados ing Basa Jawi. Gayut kaliyan panaliten menika bilih panaliti boten manggihi panandha *referensi prononima persona II* (tembung sesulih madyama purusa), *prononima persona III* (tembung sesulih pratama purusa), saha *demonstrativa* panuduh papan wonten ing *referensi* jinis *endofora* ingkang *kataforis*.

Panaliti ugi kathah manggihi panganggenipun panandha *referensi prononima persona I* kados, *kita*, *awake dewe*, *kita kabeh*. Bab menika gegayutan kaliyan wacana menika ingkang jinisipun *wacana persuasi*. *Wacana persuasi*

tegesipun wacana ingkang gadah ancas kangge paring *pengaruh* kangge para maos (*propaganda*). Awit, babagan *propaganda* menika lantaran gayut kaliyan kahanan zaman revolusi (pasca kamardhikan).

## B. Pirembangan

Pirembangan asiling panaliten dipunadharaken saking jinis referensi saha peranganipun. Salajengipun, jlentrehan data kaandharaken adhedasar kategori jinis saha fungsi panandha referensi.

### 1. Referensi Prononima Persona

#### a. Prononima Persona I

*Olehe njambutgawe ija ngono. Tipis utawa sethithik banget rasa tanggung djawabe. Njambutgawene saenake. Mulih saenake. Mesthi bae kahanan kang kaja ngono mau ora kena diumbar kaja ngono terus. Kita kabeh--luwih2 bau-sukuning negara,--kudu anginsjafi sapira **perlune** bisa netepi **disipline** (14/124/04-03-1961)*

Miturut jinisipun referensi adhedhasar *satuan lingual acuan*, enklitik **-ne** saking tembung **perlune** kaliyan **disipline data** ing nginggil, kalebet *referensi persona*. Bab menika jalaran tembung **-ne** nedahaken setunggaling tiyang ingkang dipunkajengaken panutur inggih menika ngrujuk dhateng salebeting teks (*endofora*). Enklitik **-ne** minangka *prononima persona I jamak*, awit nyulih setunggal tiyang (*pelaku*) inggih menika **kita kabeh**. Menawi dipuntingali saking perangan panganggenipun *arah acuan*, *antesedan* **kita kabeh** dumunung wonten sisih kiwanipun *enklitik -ne* minangka *acuan*, awit saking menika panandha *referensi* menika kalebet *endofora-anafora*.

*Enklitik -ne* saking tembung **perlune** saha **disipline** wonten pethikan *data* nedahaken tiyang ingkang dipumaksud panutur inggih menika **kita kabeh**. Dening panaliti, *antesedan* **kita kabeh** wonten data ing nginggil dipunsukani tandha *garis bawah* kangge nggampilaken pamaos. Enklitik **-ne** minangka *prononima persona I jamak* dipunserat supados nggantosaken utawi nyulih tembung ingkang sinerat saderengipun inggih menika, **kita kabeh**.

b. Prononima Persona III

*Kaja kang wis nate kita aturake ana ing wawasan kene, tindake Djendral Nasution menjang Rusia perlu golek tambahing gegaman kanggo Angkatan Perang kita, ija gegajutan karo sikepe Landa ing Irian Kulon kang kudu kita adepi klawan widjang. Tjekak—jen Landa ngadjak antem2an. Ora kena miris. Jen ditempiling sepisan, kita kudu mbales nempling kaping pindo, kaping telu, kareben **deweke** kapok. (04/051/21-01-1961)*

Miturut jinisipun *referensi* adhedhasar *satuan lingual*, tembung **deweke** saking *data* ing nginggil, kalebet *referensi persona*. Bab menika jalaran tembung **deweke** nedahaken setunggaling tiyang, tiyang ingkang dipunkajengaken panutur inggih menika ngrujuk dhateng salebeting teks (*endofora*). Tembung **deweke** kalebet *prononima persona tiga*, awit nggantosaken persona (*pelaku*) ingkang dipuntuju, inggih menika **Landa**. Menawi dipuntingali saking perangan panganggenipun *acuan*, *antesedan* tembung **deweke** wonten sisih kiwanipun. Awit saking menika panandha *referensi* menika kalebet *endofora ingkang anafora*.

Tembung **deweke** wonten pethikan *data* menika nedahaken tiyang ingkang dipumaksud panutur inggih menika **Landa**. *Antesedan* tembung **Landa** wonten *data* ing nginggil dipunsukani tandha *garis bawah*. Tembung **deweke** dipunserat supados nggantosaken tembung **Landa** minangka *persona (pelaku)* tiga tunggal.

## 2. Referensi Demonstrativa

a. Demonstrativa Wekdal

*Menlu Subandrio kang uga dadi warganing utusan kasebut, sadurunge budal nerangake jen gegaman kang asal Amerika **disik** mung mudjudake gegaman2 tjilik (02/017/07-01-1961)*

Miturut jinisipun *referensi* adhedhasar *satuan lingual*, tembung **disik** wonten *data* ing nginggil kalebet *referensi demonstrativa*. *Referensi demonstrativa* ingkang dipunmaksud panaliti inggih menika *demonstrativa* wekdal. Tembung **wiwit disik** ngrujuk dhateng sajawining *teks*. Pramila, pamaos kedah mangertosi wekdal menika adhedhasar *konteks* wacana.

Tembung **disik** gadah *fungsi* ngrujuk setunggaling wekdal sajawining *teks*. Panandha **disik** nedahaken wekdal sampun kadadosan. Menawi katingal saking *konteks*, panyerat paring kabar bilih Menlu Subandrio nate ngandharaken rumiyin bangsa Indonesia nate tumbas gegaman saking Amerika. Adhedhasar saking *konteks* ing nginggil, tembung **disik** nedahaken wekdal sajawining *teks* inggih menika wekdal ingkang sampun kadadosan.

b. Demonstrativa Papan

*Prekara lija maneh kang kita anggep wigati, jaiku kabar saka Irian Kulon kang nerangake jen pemberontakan ing kana saja suwe ora saja mati. Nanging saja ndadi. Semangate sedulur2 kita ing Irian Kulon enggone nijat utjul saka balengguning Landa saja ngalad ma-kantar2 (07/084/04-02-1961)*

Miturut jinisipun *referensi* adhedhasar *satuan lingual*, frasa **ing kana** wonten *data* kalebet *referensi demonstrativa*. *Referensi demonstrativa* ingkang dipunmaksud panutur inggih menika *demonstrativa* papan. Bab menika jalaran frasa **ing kana** nedahaken setunggaling papan. Menawi dipuntingali saking perangan panganggenipun *acuan*, *antesedan Irian Kulon* kaserat wonten salebeting teks, mliginipun wonten sisih kiwanipun **ing kana**. Awit saking menika acuan **ing kana** kalebet *endofora* ingkang *anaforis*.

Frasa **ing kana** wonten *data* ing nginggil nedahaken setunggaling papan, inggih menika **Irian Kulon**. *Antesedan Irian Kulon* wonten *data* dipunsukani tandha garis bawah dening panaliti. Frasa **ing kana** nedahaken bilih papan Irian Kulon menika tebih saking lokasi utawi papan panutur. Dene, *frasa ing kana* minangka tembung sesulih panuduh papan fungsipun kangge nggantos utawi nyulih tembung ingkang sinerat saderengipun, inggih menika ‘Irian Kulon’.

### 3. Referensi Komparatif

*Daerah kasebut mula kalebu daerahe Indonesia kang sah. Upama bijen2 pamarentah Landa bisa tumindak luwih witjaksana sarta ora tansah mung mburu seneng sarta benere dewe, mbokmenawa lakuning sedjarah ora bakal kaja ngene petenge (20/160/25-03-1961)*

Miturut jinisipun *referensi* adhedhasar *satuan lingual*, tembung **upama** wonten data ing nginggil kalebet *referensi komparatif*. Bab menika jalaran tembung **upama** mbandhingaken bab kawontenan samenika (wekdal seratan menika) kaliyan rumiyin. Tembung **upama** gadah *fungsi* mbandhingaken kawontenan rumiyin menawi Landa tumindhak sae tamtu beda kaliyan samenika (wekdal seratan menika).

### C. Ciri Khas Panganggenipun Panandha Kohesi Gramatikal Referensial Kalawarti Panjebar Semangat 1961

#### 1. Panganggenipun Prononima Persona I ingkang Kathah

*Misi Nasution pranjata oleh asil kang betjik. Tuntutan kita nedya ngrebut bali Irian Kulon—djalaran daerah mau mula dadi darbeke kita dewe,—dimangerteni dening pihak Rusia. Kalungguhane kita ing tjatur donja saja kuwat. Kita diwenangake tuku gegaman ing Rusia klawan pangadji 300-400 juta dollar klawan kredit lan rega kang miring. Tur kita bisa milih gegaman kang kita butuhake (04/052/21-07-1961)*

Panganggenipun tembung **kita** nedahaken anatawisipun panyerat kaliyan pamaos menika setunggaling *subjek* utawi *pelaku* ingkang kedah nindakaken setunggaling perkawis panandha ingkang nedahaken setunggal *subjek* (*pelaku*) antawisipun panyerat kaliyan pamaos. *Prononima persona I* kathah dipunginakaken wonten wacana menika awit miturut jinisipun wacana menika kalebet *persuasi*. Gayut kaliyan menika, menawi miturut Eriyanto (2015: 254) ngandharaken bilih panganggenipun tembung sesulih jamak kados “kita” (utawi “awak dhewe”) gadah ancas nuwuhaken gregeting solidaritas, aliansi, perhatian publik, sarta ngirangi kritik saha oposisi kangge piyambak.

#### 2. Antesedan Mapan kanthi *Fleksibel*

a. Antesedan Mapan ing Irah-irahan

*Barang2 kang ana ing Gudang2 Pelabuhan supaja tumuli Dibongkar. Pantjen nrejuhake--jen ing pasaran bebas sepi barang2 kang kita butuhake,-- djebul barang2 mau isih numpuk ana ing gudang2 pelabuhan (15/128/04-03-1961)*

Tembung **mau** menika minangka tembung sesulih saking antesedan *barang2 kang ana ing Gudang2 Pelabuhan supaja tumuli Dibongkar*, minangka irah-irahan teks.

b. Antesedan Mapan ing Rubrik Menika Piyambak

*Kaja kang wis nate kita aturake ana ing wawasan kene, tindake Djendral Nasution menjang Rusia perlu golek tambahing gegaman kanggo Angkatan Perang kita, ija gegajutan karo sikepe Landa ing Irian Kulon kang kudu kita adepi klawan widjang.... (04/051/21-01-1961)*

Saking data ing nginggil frasa **ing wawasan kene** nedahaken jinis *referensi demonstrativa* papan. Frasa **ing wawasan kene** ngrujuk rubrik Wawasan Djroning Nagara piyambak.

3. Panyeratan Panandha Referensi ingkang Dipunambali

*Saiki wis dudu wajahe kokehan rembug kang tanpa tanggung djawab, saiki wis dudu wajahe maneh urip tjetjiblon madu klawan ngrugekake kepentingane rakjat akeh. Saiki wis dudu wajahe maneh rebutan redjeki sarta panguwasa klawan tjara kang mbebajani tumrap kaslametaning negara. Ora. Wektu kang kaja mangkono mau saiki wis ana ing samburi kita. Saiki kita ora kena ambelani tjara2 kaja ngono maneh. Kita kabeh kudu nganjari tekad: nedya njambutgawe mbanting raga tanpa kokehan witjara kang tanpa guna. (03/042/14-01-1961)*

Saking data ing nginggil wonten sekawan tembung **saiki** ingkang dipunambali. Tembung saiki kalebet referensi eksofora demonstrativa wekdal, awit ngrujuk wekdal sawawining teks, inggih menika wekdal seratan teks piyambak (taun 1961). Tembung saiki dipunambali ngantos sekawan menika kangge nyangetaken gagasan.

## V. PANUTUP

### A. DUDUTAN

Panaliti manggihi sedaya panandha *referensi* adhedhasar panganggenipun *acuan* antawisipun *referensi endofora* kaliyan eksofora. Ananging wonten perangan-perangan jinis *referensi* ingkang boten dipunpanggihi ugi. Kados panganggenipun *panandha prononima persona II* (tembung sesulih madyama purusa) ingkang boten dipunpanggihi. Bab menika gayut kaliyan seratan menika ingkang kalebet artikel jurnalistik ingkang boten ngamot seratan *model dialog* utawi pawicantenan. Panaliti ugi kathah manggihi panganggenipun *panandha referensi prononima persona I*, kados, *kita, awake dewe, kita kabeh*. Bab menika gegayutan kaliyan wacana menika ingkang jinisipun wacana *persuasi*. *Wacana persuasi* tegesipun wacana ingkang gadah ancas kangge paring *pengaruh* kangge para maos supados nindakaken setunggaling bab. Awit, babagan menika lantaran gayut kaliyan kahanan zaman revolusi (pasca kamardhikan).

*Fungsi referensi* ingkang wonten salebeting kalawarti Panjebar Semangat wedalan 7 Januari 1961 – 25 Maret 1961 kados, *referensi prononima persona* nedahaken panganggenipun panandha tembung sesulih tiyang (*pelaku*), *referensi demonstratif* nedahaken rujukan papan (*lokasional*) saha wekdal (*temporal*), saha *referensi komparatif* nedahaken pambandhing kalih perkawis utawi luwih ingkang gadhah kamiripan saking wujudipun, sipat, tindak tanduk, watak saha sanesipun. Sedaya referensi menika, adhedhasar *cara kerja* referensi ingkang endofora saha eksofora.

### B. Implikasi

Miturut asiling panaliten menika, *implikasi* ugi saged dipuntrapaken kangge para pangajar, ahli medhia, saha sutresna budaya kangge gegaran mangertosi wacana basa Jawi. Mliginipun kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,

asiling panaliten menika saged kangge tambahning waosan babagan panaliten wacana, mliginipun *kohesi gramatikal* referensial ingkang gayutipun kaliyan kajian medhia pers.

### C. Pamrayogi

Adhedasar dudutan panaliten wonten ing nginggil, panaliti badhe ngandharaken pamrayogi kados menika: (1) Panaliten *kohesi gramatikal referensial* menika namung ngandharaken setunggaling perangan, inggih menika babagan *gramatikal referensial*. Awit saking menika, kedah dipunlampahi panaliten ingkang ngginakaken analisa sanes; (2) Panaliten *kohesi gramatikal referensial* kalawarti Panjebar Semangat wedalan 7 Januari 1961 – 25 Maret 1961 menika saged dados tambahning seserepan babagan wacana, mliginipun kangge para akademisi; (3) Panaliten *kohesi gramatikal referensial* menika saged dados tambahning seserepan *model* saha *analisa teks* mata pelajaran nyerat kangge para pengajar.

### KAPUSTAKAN

- Afifah, Anis. 2010. *Referensi Eksofora Wonten Ing Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2012*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.
- Aminuddin (Editor). 1990. *Karakteristik Penelitian Kualitatif*. Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra: Malang.
- Brown, Gillion saha George Yule. 1983. *Discourse Analysis*. Cambridge University Press. Dipunakses 27 Agustus 2017, wonten Lib.gen.ru.ec
- Badara, Aris. 2012. *Analisis Wacana Teori, Metode , dan Penerapannya pada Wacana Media*. Kencana Prenada Media Group: Jakarta.
- Baryadi, Praptomo. 2001. *Konsep-konsep Pokok dalam Analisis Wacana*. Widyaparwa Jurnal Ilmiah Kebahasaan dan Kesastraan, 57, hlm. 4.
- Djojuroto, Kinayati saha MLA Sumaryati. 2004. *Prinsip-prinsip Dasar Penelitian Bahasa Dan Sastra*. Penerbit Nuansa: Bandung.

- Eriyanto. 2015. *Analisis Wacana Pengantar Analisis Teks Media*. LKis: Yogyakarta.
- Ferry, Oscar. 2008. *Semangat Panjebar Semangat*. Media Populer Alternatif Pendar Pen, 12, hlm 10.
- Halliday, MAK saha Ruqiya Hassan. 1976. *Cohesion in English*. Longman Group Limited Edition London. Dipunakses 27 Agustus 2017, saking B-ok.org.
- Kushartanti, dkk. 2005. *Pesona Bahasa: Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Marahim, Ismail. 1994. *Menulis Secara Populer*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Mardiwarsito, L. 1981. *Kamus Jawa Kuna – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori Metode dan Aplikasi Prinsip Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Ramlan, M. 1993. *Paragraf Alur Pikiran dan Kepaduannya dalam Bahasa Indonesia*. Penerbit Andi Offset: Yogyakarta.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisa Bahasa Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Duta Wacana Press: Yogyakarta.
- Sumarlam. 2003. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Jogjakarta: Pustaka Cakra
- Tien Nur Khasanah, Tanti. 2016. *Kohesi Gramatikal Referensial dalam Wacana Berita Situs <http://www.kompas.com> Edisi Desember 2015-Januari 2016*. Yogyakarta: UUP UNY.